



Pou Piblikasyon Imedya: 03/05/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE NOUVO LIY TRANSMISYON POU POTE ENÈJI PWÒP NAN QUEENS

Enèjizasyon liy transmisyon Rainey-a-Corona a pèmèt retrèt santral elektrik pou gwo demann ki pi sal yo nan Queens

Diminye emisyon gaz a efè sè ak polisyon lè a

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a nouvo liy transmisyon Con Edison Rainey rive Corona a te enèjize epi pral sipòte fyabilite kontinyèl rezo a, ki gen ladan fèmten nan 1 me yon santral elektrik Astoria avèk gaz fosil ke NRG Energy posede. Liy transmisyon dis kilomèt ki soti nan sou-estasyon Rainey 345 kV pou rive nan yon estasyon 138 kV nan Astoria kapab pote 300 megawat, oswa ase elektisite pou 240,000 kay ki gen gwo mwayen. Fèmten santral la pral redwi emisyon kabòn ak ko-polyan yo epi fè eta a avanse yon pa pi pre pou atenn objektif li nan Lwa sou Lidèchip Klimatik ak Pwoteksyon Kominotè a.

"Pandan n ap kontinye efò nou pou konbat chanjman klimatik la, amelyore sistèm transmisyon New York pou founi enèji pwòp atravè eta a se yon gwo priyorite", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Avèk nouvo liy transmisyon enpòtan sa a, n ap amelyore ak modènize rezo elektrik Vil New York la epi n ap pèmèt devlopman enèji renouvlab kontinyèl".

Liy transmisyon 275 milyon dola a se youn nan twa ke Con Edison te kòmanse bati an 2021 pou sipòte retrèt santral elektrik gaz fosil yo nan vil la, tankou pwojè Rainey a Corona, pwojè Gowanus a Greenwood ak pwojè Goethals a Fox Hills. Pwojè sa yo, ke yo rele kolektivman pwojè Vil Pwòp ak Fyab (Reliable Clean City), yo sou wout pou yo fini an 2025 epi yo pral ajoute 900 megawat kapasite transmisyon atravè Vil New York.

Lè twa liy transmisyon yo fini, santral elektrik pou gwo demann (peaker) sa yo pral pran retrèt: Con Edison 59th Street GT1 (17.1MW) ak 74th Street GT inite 1&2 (37MW) nan Manhattan; Inite 5 Hudson Ave Con Edison (16.3MW) nan Vinegar Hill, Brooklyn; inite Helix Ravenswood 1,10 & 11 (68.6MW) nan Long Island City, Queens; NRG Astoria GT yo (528MW) nan Astoria, Queens (fèmten 1 me); ak inite NRG Arthur Kill GT1 (20MW) nan Staten Island.

Prezidan Komisyon an, Rory M. Christian, te deklare, "Eta New York nan mitan yon chanjman fondamantal nan jenerasyon ak livrezon elektrisite. Priyorite nou se asire sous renouvlab, pwòp yo entegre nan rezo a pandan y ap elimine sous polisyon yo. Etandone reyalite sa a, nou espere ajou ak modifikasyon nan enfrastrikti transmisyon sèvis piblik yo pral akomode sous elektrisite ki pi pwòp yo pandan y ap asire fyabilite. Sa yo se chanjman ki nesèsè anpil, ki byenvini ki pral amelyore tout lavi nou pou vin pi bon".

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Con Edison, Tim Cawley, te deklare, "Jodi a make yon etap enpòtan nan founi enfrastrikti pou bay kliyan nou yo enèji pwòp ak fyab pandan l ap pèmèt fèmti santral pou gwo demann ki pa efikas, ki boule gaz fosil yo. Jan nou fè sa klè nan [Angajman pou Enèji Pwòp](#) nou an, nou se gwo sipòtè objektif klimatik New York yo epi nou pran angajman pou konstwi yon rezo ki kapab transpòte 100 pousan enèji pwòp jiska 2040. Mwen vle remèsye Gouvènè Hochul ak Prezidan Christian pou lidèchip yo sou pwoblèm enpòtan sa a ansanm ak fanm ak gason ki devwe nan Con Edison pou konplete pwojè enpòtan sa a alè ak selon bidjè a".

Pwojè yo nesèsè pou fyabilite an 2023 ak 2025 ak pou adrese defisyans nan de nan zòn chaj transmisyon Con Edison yo akòz retrèt oswa endisponibilite santral elektrik ki pi ansyen, plis polye lè ki jenere kouran lè demann pou elektrisite ogmante. Ogmantasyon nan kantite enèji sa a se pral enèji pwòp pandan eta a ajoute nan pòtfèy jenerasyon renouvlab li, ki gen ladan 9,000 megawat enèji ewolyen ke Lwa sou Klima a egzije jiska 2035. Travay nan Queens lan reprezante 275 milyon dola nan 800 milyon dola Con Edison ap investi nan pwojè sa yo.

An jeneral, tibin ki degaje konbisyon ki gen sik senp yo (ke yo rele peaker oswa inite pou reponn a gwo demann yo) itilize sèlman pou satisfè gwo demann elektrik pandan ete a, ki se nòmalman pi move peryòd kalite lè a. An 2019, Depatman Konsèvasyon Anviwònman Eta New York la te adopte règleman ki egzije santral pou gwo demann yo konfòme yo ak règleman ki limite oksid nitwojèn admisib (NOx) pandan sezon ozòn lan; epi si santral sa yo pa ka konfòme yo, yo dwe pran retrèt oswa fè yo pa disponib pou operasyon pandan sezon ozòn lan. Santral NRG Energy te fèmen 1 me pou konfòme l ak règleman yo te adopte.

Retrèt inite jenerasyon pou gwo demann ki alimante ak gaz fosil nan sid eta a san ajoute okenn nouvo santral elektrik ki alimante ak gaz fosil se yon etap enpòtan pou reyalize avni enèji pwòp New York. Retrèt inite pou gwo demann yo, ki sitiye nan kominote jistis anviwònmantal yo oswa toupre yo, pral pote amelyorasyon akoutèm nan kalite lè a nan kominote sa yo nan pi move jou kalite lè a. Pwojè yo pral louvri chemen tou pou livrezon jenerasyon renouvlab nan nò eta a ak ewolyen nan pi gwo konsantrasyon popilasyon ak demann enèji nan eta a.

Prezidan New York League of Conservation Voters, Julie Tighe, te deklare, "Nou bezwen enèji renouvlab fyab plis pase jamè amezi Nouyòkè yo ap elektrifye bilding yo epi adopte veyikil elektrik yo. Pandan ke New York ap pran mezi pou jenere ase enèji pwòp pou founi eta a an akò ak delè Lwa sou Lidèchip Klimatik ak Pwoteksyon

Kominotè (CLCPA) a, Vil New York bezwen plis kapasite transmisyon pou pote enèji renouvlab soti andeyò vil la pou ale nan kay ak biznis nou yo. Con Edison rekonèt ke chanjman klimatik se yon reyalite difisil epi nou bezwen aksyon radikal pou kenbe vil nou an ak planèt nou an sekirite epi dirab".

Direktè Egzekitif Alyans Jistis Anviwònmanal Vil New York (New York City Environmental Justice Alliance) la, Eddie Bautista, te deklare, "NYC-EJA te yon defansè fèm kont re-pèmisyon NRG Astoria ak anpil santral elektrik pou gwo demann yo. Avèk plis pase yon douzèn jeneratris a gaz fosil k ap polye toujou zòn nan, nou optimis ke nouvo liy transmisyon Con Edison lan ka diminye demann pou santral elektrik sa yo fonksyone epi vin yon premye etap nan yon tranzisyon ki nesèsè ak jis pou Queens. Nou rekonesan pou eta a paske l konsantre sou amelyore livrezon ak fyabilite enèji pwòp pou ede nou reyalize obligasyon Lwa sou Klima New York la".

Prezidan Local 1-2, James Shillitto, te deklare, "Nou fyè pou nou sipòte amelyorasyon sistèm nan ki pral asire kouran pwòp ki fyab pou vil nou an ki gen yon mendèv pwofesyonèl devwe tankou moun ki fòme Local 1-2 nan Utility Workers of America. Manm nou yo fyè dèske pou yo aplike konpetans, talan, ak konesans yo pou asire rejyon nou an rete an sekirite epi dirab".

Christopher Erikson, Direktè Komèsyal IBEW Local 3, te deklare, "Jenerasyon Nouyòkè yo pral jwi yon anviwònman ki pi pwòp ak yon sèvis fyab kontinyèl, gras ak travay gwo mendèv sendika Con Edison nan pwojè sa a. Manm nou yo ap tann ak enpasyans ak fyète achèvmman pwojè Vil Pwòp ak Fyab la nan Brooklyn ak Staten Island, ki pral make lòt etap nan direksyon pou yon avni ki gen lè pwòp ak bon sante piblik, sitou pou moun ki nan kominote ki defavorize yo".

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)